3. Адамбаева Т. «Жыраў намалары». -Нөкис: «Қарақалпақстан» баспасы 1991 жыл.
4. Мақсетов Қ. «Дәстанлар, жыраўлар, Бақсылар» -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
5. Palımbetov K «Qorqit ata» hám qaraqalpaq dástanları. Monografiya. –Nókis: «Bilim», 2010.
6. Алламбергенов К. «Миф, ертек, тарийх ҳәм дәстан» -Нөкис: 2014.

**РЕЗЮМЕ.** Mazkur maqolada qoraqalpoq jirovchilik san'ati, jirovlarning cholģu asbobi bo'lgan qobuz, uning yasalishi va afsonalari haqida sóz yuritiladi. Bundan tashqari olimlarning Qorqit ota va qóbuz haqidagi aytgan fikrlari va tadqiqotchilarning xalq og'zidan yozib olgan manbalari haqida atroflicha ma'lumot berilgan.

**РЕЗЮМЕ:** В данной статье рассказывается об искусстве каракалпакского ломбарда, гобузе, музыкальном инструменте пешек, его изготовлении и легендах. Кроме того, даны подробные сведения о мнениях ученых о Корките-отце и Гобузе и источниках, записанных исследователями из уст народа.

**SUMMARY.** This article talks about the art of karakalpak pawning, qobuz, a musical instrument of pawns, its making and legends. In addition, detailed information is given about the opinions of scientists about Qorqit father and Qobuz and the sources recorded by researchers from the mouths of the people.

## ҲӘЎЖАРДЫҢ ЖАНРЛЫҚ ҲӘМ КОМПОЗИЦИЯЛЫҚ ӨЗГЕШЕЛИГИ

**С.Ж.Баўатдинова -** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** халқ қўшиқлари, мотив, импровизация, ҳавжар, этнофольклор, элегия, маданият, халқ тарихи, миллат

**Ключевые слова:** народные песни, мотив, импровизация, фольклор, этнофольклор, элегия, культура, фольклор, народность

**Key words:** folk songs, motif, improvisation, folk, ethno-folklore, elegy, culture, folk history, nationality

«Ҳәўжар» - қарақалпақ халқының салт-дәстүрин сәўлелендиретуғын оғада бай фольклорлық дөретпелердиң бири. Әсирлер даўамында қәлиплескен миллий өзгешеликлерге ийе, этнофольклорлық характерге ийе болып, бүгинги күнге шекем өмир сүрип киятырған жанр.

Салт-дәстүр термини тийкарынан екеўи еки түсиникти аңлатады. «Салт» - сөзи орысша «обряд», татарша «йола», өзбекше «маросим», қазақша «ғурып» түринде қабыл етилген. Ал «дәстүр» сөзи орысша «традиция» түсинигиниң эквиваленти болып табылады.

Н.Дәўқараев инсан өмири менен байланыслы илажларды ҳәм сол тийкарда дөрелген қарақалпақ фольклоры үлгилерин «салт әдебияты» қурамына киргизгенде көрсетилген терминниң тарийхый қолланылыўын есапқа алады. «Дәстүр» сөзи түсиниги улыўма түрде олардың биразының жәмлеўши атамасын да аңлатады.

Салт–халық тәрепинен турақластырылған илажлардан ибарат болып, ол дәстүрий мәденияттың пүтин бир бөлегин қурайды. Ҳәр қандай салттың атқарылыўында ҳәм сақланып қалыўында дәстүрий поэзия үлгилери де хызмет етеди. Бул жағдайларды биз көплеген халықлардың миллий қәдириятлары мысалында көремиз. Қарақалпақ халқының да усындай қәдириятларының бири қыз узатыў тойында айтылатуғын «Ҳәўжар» айтыў салты бар. Оларда халықтың этнофольклорлық ҳәрекетлериниң сәўлелениўи менен биргеликте миллий поэзия үлгилери де сақланып мотивизацияланады.

«Ҳәўжар»да айтылатуғын қосықтың мазмунын сол узатылайын деп атырған қыздың басындағы ҳәдийселер менен тығыз байланыслы болады. «Ҳәўжар»дың өзине ылайық намасы бар.. «Ҳәўжар» өзбеклерде «Яр-яр», қазақларда «Жар-жар», ноғайларда «Ҳей-жар» деп аталады [1:11].

Қарақалпақ халқының салтына бола «Ҳәўжар» жыры қыз узатыў тойында айтылады. «Ҳәўжар» жырлары халықтың социаллық турине шараятларының раўажланыўына, өзгериўине байланыслы дәўирлерге сай мазмуны да өзгерип, раўажланып отырады. Дәслеп қызлар өзи туўылып өскен шаңарағынан кетиўде үлкен тәшўиюке түсип, ата-анасы баўырынан кеткиси келмейтуғынын «сыңсыў» - налыс етип жылаў жылаған. Жанында отырған курдаслары, қыз-келиншеклер оған жубатыў ушын «Ҳәўжар» айтқан.

Қыздың сыңсыўы:

1)Сылдыр-сылдыр қамысқа,
Сырғам түсти ҳәўжар.
Сыр билмеген жат елге,
Несийбем түсти ҳәўжар.

2) Өз үйимниң есиги,
Жипек есик ҳәўжар.
Кирсем шықсам шашымды,
Сыйпар есик ҳәўжар.
Қәйин атамнын есиги,
Шеңгел есик ҳәўжар.
Кирсем шықсам шашымды,
Жулар есик ҳәўжар. [1.252]

-десе, қызға жуўап ретинде жанындағы қурбы-қурдаслары:

Жылама қыз жылама,
Тойың болды ҳәўжар.
Жәнеўиттен жасалған,
Үйиң болар ҳәўжар.
Төрде турған аршаны,
Шаң басыпты ҳәўжар.
Кететуғын қызларды,
Муң басыпты ҳәўжар. [1.128]

Мысалларда қыздың «ҳәўжар»ы туўып өскен шаңараққа, ата-анасына, ели-журтына деген ҳүрмет ҳәм миннетдаршылық сезимлерин сәўлелендириўге қаратылған халықлық дәстүрге айланған жыр. Усы жырлардан ҳәр бир узатылып баратырған қызлар ҳәм оған ортақ болған той қатнасыўшыларының тилеги, нәсияты қәлиплескен мотивтен пайдаланған ҳалда пайда болып, жасап келеди. «Ҳәўжар» да көркем сөзлиликке, образлылыққа, айтажақ болған пикирлерин, мазмунын байытып сөйлеўге болған қатнаслар халықтың әўел бастан-ақ турмысты көркем сәўлелендире отырып, сөз қүдиретине, сөз мәнисине үлкен дыққат аударғанын көремиз. «Жипек есик, шеңгел есик» сыяқлы теңеўлер жүдә образлы түрде айтылған теңеўлер.

«Ҳәўжар» салт-дәстүрге байланыслы келип шыққан, халықтың белгили дәрежеде мәдениятын көрсетиўши халық жыры. «Ҳәўжар» бүгинги күнге шекем халық ишинде жанлы жасап киятырған салт-сананың көриниси. Ҳәзирги дәўирде «Ҳәўжар» қосығының жасаў формасы өзгериске ушырады. «Ҳәўжар»ды енди узатылып баратырған қыздың өзи яки қурдаслары емес, ал, профессионал артистлер тойға арнаўлы түрде шақыртылып, қызды үйинен шығарып салып атырғанда намасы менен қоса атқарады.

Өткен дәўирлердеги келиншеклер оғада аўыр салт-дәстүр қағыйдаларын орынлап, атқарып келген. Қәйин атаның яғный келин болып түскен есиктиң «шеңгел есикке» теңгерилиўи де усы дәстүрлердиң аўырлығынан, қыйыншылығынан жүзеге келген.

Жәмийеттиң раўажланыўы менен, адамлардың түсиниклериниң кеңейиўи, тереңлесиўи нәтийжесинде келинге қойылатуғын дәстүрге байланыслы талаплар, ўазыйпалар бир қанша жеңиллесип, инсанның қәдир-қымбатын улығлаў, түсиниў, еркин жүриў сыяқлы нормалар әсте-ақырын қәлиплести.

Заманагөй хәўжарларда:

Қайнатаңның есиги,
Тилла есик хәўжар,
Шайқап отыр төринде,
Алтын бесик хәўжар.

Таза ашылған бағлардың,
Гүлиндей бол хәўжар,
Қайната-қәйин енеңниң,
Қызындай бол хәўжар.

Қазандағы қатлама,
Қатланады хәўжар,
Қызды алып жеңгелер,
Атланады хәўжар. [6.198]

Келтирилген мысаллардағы хәўжар жырының тексти өткен дәўирлердегидей уўайым-қайғыны сәўлелендирип турған жоқ. Керисинше қыздың бахытлы өмирге қәдем қойыўлары, бахытлы ана болыўға тилек билдириўлер, қәйин ата хәм қәйин ененин қызындай болып кетесең деген жақсы тилеклери сәўлелендирилген. Хәттеки жас-жубайлық дәстүриниң ата-бабалар дәстүри, пайғамбарлардан басланатуғын жол екенлигин:

Әўел бастан қудайды,
Яд етейин хәўжар,
Пайғамбардың руўхын,
Шад етейин хәўжар.

Пайғамбардың бир қызын,
Әлий алған хәўжар,
Қыз берисип қыз алыў,

Соннан қалған хәўжар, -деген нәсият мазмунындағы хәўжар жыры айтылып, жас-жубайларды шаңарақ қурыўдай әдиўли ўазыйпаны орынлап атырғанлығы менен хабарландырады, бул муқаддес дәстүрди ардақлап даўам еттириўлерин уғындырады. Қыз узатыў дәстүри арқалы қарақалпақ халқы ишинде хәўжар жырларының пайда болыўы, халықтың этномәдениятын жүзеге шығарыўшы тәрбиялық әхмийетине оғада бай болып, халық руўхыятына миллий психологиясына тәсир етиўши жырлар болып есапланады.

Халық тарийхы, этнографиясы, мәденияты менен тамырласқан салт-дәстүр жырларының инсан өмириндеги әхмийети жүдә үлкен. Халық ишинде салт-дәстүрге байланыслы өмир сүрип киятырған бул жанрдың хызмети, өзиншеликлери қарақалпақ халқының этнофольклорлық дүньясын танытыўшы қәдириятлар қатарына киреди.

**Әдебиятлар**


1. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. V том. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1980.
2. Дәўқараев Н. Қарақалпақ әдебияты тарийхының очерклери. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1961.
3. Ягафаров Р. Поэтическая искусство татарского народа. –Алма-ата: 1983.
4. Тажимуратов А. Каракалпакские народные песни. (Дореволюционный период): Автореф. дисс… канд. филол. наук. – Нукус: 1966. –С. 16.
5. Гусеев В.Г. Эстетика фольклора. –Л.: 1967. –С.139.
6. Баўатдинова С. Қарақалпақ халық қосықлары. Хрестоматия. –Нөкис: «Қарақалпақстан» 2019.



**РЕЗЮМЕ.** "Ҳавжар" қорақалпоқ халқининг анъаналарини ёритувчи бой халқ қўшиқларидан биридир. Анъанавий халқ табобатидан иборат бўлиб, у анъанавий маданиятнинг бир қисмидир. Анъанавий шеърият намуналари ҳар қандай анъанани ижро этиш ва сақлашда ҳам хизмат қилади.

**РЕЗЮМЕ.** «Хавжар» - одна из богатых народных песен, освещающих традиции каракалпакского народа. Состоящая из традиционных народных средств, она является частью традиционной культуры. Образцы традиционной поэзии также служат в исполнении и сохранении любой традиции.

**SUMMARY.** "Havzhar" is one of the rich folk songs that illuminate the traditions of the Karakalpak people. Consisting of traditional folk remedies, it is a part of traditional culture. Samples of traditional poetry also serve in the performance and preservation of any tradition.


## İ.YUSUPOVTÍŃ "PASEYDONNÍŃ ǴÁZEBI" SHÍǴARMASÍNÍŃ SYUJETI, POETIKASÍ


**F.Jamalova** - *3-kurs student*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayansh so'zlar:** asar, syujet, obraz, ideya, mazmun va forma.
**Ключевые слова:** рассказ, сюжет, образ, идея, содержание и форма.
**Key words:** story, plot, image, idea, content and form.


**Kirisiw:** Suw-ómir tirishiligi. Suwsız ómirdi kóz aldımızǵa keltirip bolmaydı. Suw insan ómiri. Suw tábiyatda gózzallıqtı jaratadı. Suw hámme nársege kerek.Suw ishiw qanday jaǵımlı, suw quyıw qanday jaǵımlı. Biz suwdıń ómirimizdegi áhmiyeti ullı ekenligin bilemiz. Biraq ta bul suwdıń qádirine jetetuǵınlarda, jetpeytuǵınlarda bar.

İbrayım Yusupovtıń "Paseydonnıń ǵázebi" shıǵarması arqalı kórsetpekshimen. İ.Yusupov Qaraqalpaq ádebiyatın tematikalıq, janrlıq hám kórkemlik jaqtan bayıttı. Shayırdıń "Paseydonnıń ǵázebi" poeması qaraqalpaq poeziyasınd úlken jańalıq bolıp kirdi. "Paseydonnıń ǵázebi" shıǵarmasında shayır mifologiyalıq syujetten paydalana otırıp bùgingi tábiyattıń ekologiyalıq ózgerislerge ushıraw sebeplerin alleriyalıq (astarlı mánide) usılda súwretlengen. 1986- jılı oktyabrde jazılǵan. 84 kuplet 337 qatardan ibarat. Allegoriyalıq usılda dóretilgen. "Paseydonnıń ǵázebi" poeması mifoligiyalıq syujette qurılǵan, oǵan sebep mifologiyalıq qaharmanlar teńiz qudayı Paseydon, onıń balası, dárya qudayı Anaxita hám onıń qızı, dárya boyındaǵı shırashı, onıń sulıw hayalı h.b personajlar qatnasadı. Usılardıń obrazın dóretiw sebebinen shayır jerimizdiń ekologiyalıq jaǵdayınıń, suw haqqında, bul jaǵdaylardıń qalay payda bolıp, onıń sebebinen xalıqtıń búgingi turmısın, tábiyat kórinislerin súwretleydi.

Teńiz qudayı Paseydonnıń úsh ulı boladı. Eń kóriklisi kishi ulı dárya Anaxitanıń ózinen de sulıw qızı boladı. Usı qız teńiz qudayınıń kishi ulına ashıq boladı. Onı izlep, "muhabbat qız janımdı jaqtı da ketti, suw tulpardı urlap shaptı da ketti" deydi. Solay etip, ekewi arasında kúshli muhabbat bolıp, qosılıp turmıs quradı. Biraq, kóp jıllar ótkennen keyin olar arasında urıs-qaǵıs kúsheyedi. Teńiz qudayınıń balası shırashınıń hayalın jaqsı kórip qaladı.

"Súymedi dáryadan kelgen aǵıstı,
Kúni-túni ańlıp awlaq jaǵıstı,
Sol kelinshek suwǵa tússe, suw qızıp
Tolqın tolqın menen záńgi qaǵıstı." [1:87]